



Odyans Piblik Vityèl DNREC

**Pèmi Jeneral Pwopoze pou Operasyon Konsantre pou Manje Animal (CAFO) DE
0051233
(Dosye #2025-P-W-0023)**

Byenvini. Tout bagay ou dwe wè ki fè pati odyans sa a ap parèt nan fenèt sa a.

Odyo òdinatè: Sèvi ak **meni koneksyon odyo a** pou ouvri oswa fèmen son an.

Odyo Telefòn: Nimewo apèl: 1-646-931-3860

Kòd aksè: 896 6792 4675

Yo pral aksepte kòmantè yo swa ak fòm kòmantè DNREC la, pa imèl, oswa pa lapòs USPS jan sa make sou paj evènman odyans lan (de.gov/dnrehearings)

Objektif Odyans lan

Odyans sa a se pou bay piblik la opòtinite pou fè kòmantè sou renouvèlman pèmi jeneral CAFO sa a:

Pèmi Jeneral CAFO DE 0051233

(Gwo, Mwayen, ak elvaj bèt volay CAFO Espesifik – Etablisman ki gen tè kote yo mete fimye sou yo)



Kisa yon AFO ye?

Operasyon pou bay Bèt manje

Yon etablisman kote:

- Yo fè elvaj/loje ak alimante/swanye bèt ki pa bèt akwatik yo pandan yon total 45 jou pandan yon peryòd 12 mwa.
- Zòn elvaj bèt yo pa sipòte rekòt, vejetasyon, kwasans alimantè, oswa rezidi aprè rekòt nan sezon kwasans nòmal.

2 oswa plis AFOS ki pou yon menm pwopriyetè konsidere kòm yon sèl AFO pou yo ka detèmine yon kantite bèt ki nan yon eksplwatasyon.

AFOs Delaware



Nan Delaware, tout AFO ki gen 8 inite bèt oswa plis soumèt ak lwa ak règleman Jesyon Nitrisyon Depatman Agrikilti Delaware (DDA).



Operasyon sa yo nesèsè pou elabore ak kenbe yon plan Jesyon Dechè Animal (AWMP) epi soumèt li bay DDA. Eksplwatasyon ki itilize dechè elevaj yo fèt pou elabore ak soumèt ak yon plan Jesyon Nitrisyon (NMP), ki kouvri tou bèt yo ak tè yo.



Yon inite animal egal a 1000 liv.

Kisa ki yon CAFO?

Operasyon Konsantre pou
bay Bèt Manje

Yo konsidere yon
etablisman kòm CAFO an
fonksyon de kantite bèt li
genyen

Medium CAFO	Lg. CAFO	Animal Type
9,000 to 29,999	30,000	laying hens or broilers, if the AFO uses a liquid manure handling system,
37,500 to 124,999	125,000	chickens except laying hens (if other than a liquid manure handling system),
25,000 to 81,999	82,000	laying hens (if other than a liquid manure handling system,
300 to 999	1,000	cattle other than mature dairy cows or veal calves. Includes but is not limited to heifers, steers, bulls, and cow/calf pairs,
200 to 699	700	mature dairy cattle (whether milked or dry cows),
750 to 2,499	2,500	swine each weighing over 55 pounds,
150 to 499	500	horses,
3,000 to 9,999	10,000	sheep or lambs,
16,500 to 54,999	55,000	turkeys,

Pwogram CAFO Delaware

- Pwogram regilasyon ki bay pèmi Sistèm Eliminasyon Polisyon Nasyonal (NPDES) bay CAFO
- Sipèvize pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (EPA)
- Aplike ansanm pa DNREC ak DDA
 - DNREC responsab pou bay pèmi epi jere pati regilasyon pwogram nan.
 - DDA se prensipal pwen kontak pou kominote ki soumèt ak regilasyon an epi li responsab pou li fè enspeksyon, kolekte dokiman epi revize AWMP ak NMP yo.



Pèmi Jeneral CAFO

GP1: Gwo, mwayen, ak elvaj endistriyèl bèt volay CAFO Espesifik - Etablisman pou Pwodui Fimye Sèlman (DE 5000N/11)

GP2: Gwo, mwayen, ak elvaj endistriyèl bèt volay CAFO Espesifik - Etablisman ki gen tè kote yo mete fimye sou yo (DE 0051233)



GP3: Gwo, mwayen, ak elvaj bèt volay CAFO ki pa Espesifik - Etablisman pou pwodui fimye ak tè kote yo mete fimye sou yo (DE 0051250)



Limit pou Dlo ak Lè ki gen Fatra:

Limit CAFO aplike pou dlo ak lè ki gen fatra:

- Pa jete okenn fimye, lityè, oswa dlo ize polye ki soti nan pwosesis pwodiksyon nan dlo eta a soti nan zòn pwodiksyon an, eksepte:
 - Nan ka gen yon evènman lapli ki depase yon evènman lapli 25 lane nan 24 èdtan
- AK**
- Zòn pwodisyon an konsève epi opere an akò ak mezi epi rejis règleman CAFO a egzije.

Limit Mwayen ak Espesifik CAFO pou dlo ak lè ki gen fatra:

- Operasyon yo dwe respekte tout Meyè Pratik Jesyon (BMP) ki adrese nan AWMP a ak/oswa NMP a konsènan aktivite jesyon fimye, lityè, oswa dlo ize pwosesis la an akò ak Nòm Teknik Eta a.

Egzijans Plan yo

- Kantite bèt ak kapasite kote w ap mete yo
 - Pwosesis pou estoke fimye, lityè ak dlo ize ki soti nan pwosesis yo
 - Estimasyon pwodiksyon fimye
 - Pwosedi jesyon mòtalite
 - Metòd eliminasyon bèt ki mouri yo
 - Kat teren an ak fotografi ayeryen ki byen make
 - Sistèm devyasyon dlo pwòp
 - Pa gen bèt ki an kontak dirèk ak Dlo eta a
- Pratik pou jete pwodui chimik ak pwodui ki kontamine
 - Tanpon ak lòt mezi jesyon ekoulman dlo
 - Pwotokòl ki gen rapò ak fimye, lityè ak dlo ize endistriyèl ak analiz tè yo
 - Pwotokòl aplikasyon fimye, lityè ak dlo ize endistriyèl
 - Rezilta analiz fimye
 - Dosye aplikasyon





Pwosesis Pèmi

Aplikan yo dwe soumèt yon fòm Deklarasyon Entansyon (NOI) ansanm ak AWMP/NMP. Tout aplikasyon konplè yo avize piblikman ki endike yo kouvri anba pèmi jeneral CAFO NPDES yo. Avi piblik la pibliye nan de (2) jounal pandan yon jou epi li disponib sou sit entènèt nou an pandan yon peryòd kòmantè piblik 30 jou. Lè peryòd 30 jou a fini, san kòmantè, aplikan yo resevwa yon lèt ki akòde pwoteksyon pèmi an. Pèmi an valab pou senk lane, sof si li pwolonje administrativman.

Si yo resevwa yon kòmantè epi yo jije li merite yon odyans, DNREC ap kontinye ak yon odyans piblik, swivan pwotokòl ki nan lis sou paj Odyans DNREC a (de.gov/dnrehearings).



Enfòmasyon pou kontakte



DELAWARE DEPARTMENT OF
AGRICULTURE

Jessica Brewer

Espesyalis Anviwònman

Divizyon Dlo – DNREC

Telefòn: 302-443-2760

Email: jessica.brewer@delaware.gov

Brooke Walls

Administratè Pwogram

Pwogram Jesyon Nitrisyon - DDA

Telefòn: 302-698-4627

Email: brooke.walls@delaware.gov



Odyans Piblik Vityèl DNREC

Mèsi paske ou rejwenn nou. N ap resevwa kòmantè sou zafè sa a jiska 4 fevriye 2026.

Ou ka voye kòmantè alekri

pa fòm komantè DNREC la sou sitwèb sa a- <https://dnrec.alpha.delaware.gov/public-hearings/comment-form/>

nan imèl: DNRECHearingComments@delaware.gov

oswa pa lapòs nan adrès sa a:

Lisa A. Vest, Ofisye Odyans

DNREC – Biwo Sekretè a

89 Kings Highway, Dover, DE 19901

Y'ap pibliye tout pawòl yo nèt, san manke yon mo, lè l vin disponib.

Pou jwenn plis enfòmasyon, chèche paj pou odyans sa a sou paj Odyans Piblik DNREC la nan adrès sa a: dnrec.delaware.gov/public-hearings/